# Aksi ci kureel giiy ceytu werguyaram ci Kataluña jakklel ko doxaandem yi



Photo by Bill Oxford on Unsplash

Xolal fi ci giindi gu mëtt gi: **raisa.dretalasalut.org**

## Naka la nuy am taxawu ci werguyaram ci mbiiri sëy?

**Werguyaram ci mbiiri sëy** bokk ci aq ak yéllef yi ni tëral ci werguyaram, ba tax nu wara sàmmo ak moom ci dispenseer ak bërëbu werguyaram yi xarañ te bax jaklel ko doomu adaama yëpp.

### Lu tax?

- **Bo bëgge ëmb ba nga ëmb,** mën naan la xelal, top la ngir taxawu werguyaram ci ëmb bi nga sumb, ba sa ëmb bi, ci lodul faay dara, nga jàpp ak ñoom no bëggé fópp ëmb bi ba ba ngay mucc. Tamiit yoon tekk leen nu giindi la ci bëpp siki saka bo ci àam. Am nga yéllefu taan kañ nga sope doon yaay.
- **Bo bëggul ëmb ba nga bëggë yax sa ëmb,** tamiit dina naanu la xelal ci yoon yi am ngir moytu ëmb, ba ci ëmb bo bëgguloon; Dakkal ëmb ci bu la neexe, lu la yoon may la, te du yoonu keen mu am lu mu ci laay lajj ba di la bunduxatal. Warugaru kuréelu mu xamal ak ubbil la pexe yi laay maay nga dakkal ëmb bi, te toontu ci bëpp siki saka ,ba làjj bo am lépp an ci saytu sa werguyaram ak sa tawfex ci diir bobu.

### Naka?

Demal ci sa dispenseer ak sa karta werguyaram. Bo ka amul ba am lu lay tere aksi ci bërëba, fattalikul ne taxawu ëmb aq ak yéllef bépp doomu aadama la ci kuréel werguyaram fi ci Kataluña, tamiit boole ci dakkal ëmb bu nu söppul woon. Bul aam siki saka ci sa yéllëf ci taxawu werguyaram bi nu waral ci yaw.

### Bo soxla ku la guɲe ci mbébeb bi, mën nga jokko ak:

- **Mbotaay yéllef ci wallu sëy ak njur.** Sentaru bi degglu xaleyi ci mbiiri sëyante. Di nga jokko ak ku lay degglu ci walu weguyaram ci mbiiri sëy woo leen ci niimero bi: 934 151 000, ba nga yóniko waatsap ci 687 74 86 40 ba nga dugg ci weeb bi www.lassociacio.org i www.centrejove.org.
- **PASUKAT / Man waaw werguyaram ci bépp doomu aadama.** Woote ci 632 159 165 ba bind ki: josi.sanitatuniversal@gmail.com ba lapasucat@gmail.com.

Prosé: FARMA MUNDI FARMACÈUTICS MUNDI

Ci ndimbalu: Generalitat de Catalunya Departament de Treball, Afers Socials i Famílies

Ci jàppalek: pasu_cat PLATAFORMA PER UNA ATENCIÓ SANITÀRIA UNIVERSAL A CATALUNYA

L'ASSOCIACIÓ DRETS SEXUALS I REPRODUCTIUS

# Yooni aksi ci Kureel gi caytu werguyaram ci Kataluña

Fi ci Kataluña amna ñaari kureel yu di naŋu aq ak yelléf fu taxawu ci walu werguyaram:

- Institi Nasional bu sekirite sosyal (INSS)
- Katsalutt

**Sasu ne yelló nga taxawu ci werguyaram ci ñaari yoon yi:**

- Taxawu bu jàmp: Bo amul assirans ba, bo sa óom adduwul, mën nga lājj kayiitu fiirndel sa kaddu, ne da nga ñakk. Taxawu bi day wëy ba nga géenë ôpital.
- Way laxu yi ak nii nu jàpp ci njaayum doomu aadama bi ci àdduna.


## YOONU INSS

### Yoon may nala nga jël ko, bu dëppo ci anam yi:

- Bo de ligeeykat ba nga alatrete te bokk ci Institi Nasional bu sekirite sosyal (INSS).
- Bo amee kayiit bi la mày san san dëkk ci reewmi, ba sa kilifa ba njattiki bokk INSS.
- Bu fekke ne fi ci Españ nga bindu ci resistiire yi di firndeel sa dëkk ci reewmi, lu tollu ba lu ëpp neeti wer.
- Bu fekke ne ci doomi reew yi bokk ci Mbotaay Ërop.

**Wutal fi, niimeru bi wone ne bokk nga ci Institi Nasional bu sekirite sosyal (INSS):**

www.seg-social.es




**Wutal karta werguyaram ci sa dispenseer ba ci web bu katsalutt:**

www.catsalut.gencat.cat

## YOONU KATSALUTT

### Bo nekkul ci been ci anaam yi, ci kaw yi nu wessu:

Nit ni bindu ci resisstiire yi ci dëkk yi ci Kataluña , tambali ci bës bi nga bindoo.


Dëkk nga ci kër bu ju nu xam, ndam sax amaŋo kayiit bu ko fiirndel?

**Bindul ci Bërëb taxawu askan wi (OAC) ci sa meeri.**

Bu amul kër bu nu xam. Mën nga bindu ni ku amul dëkkuwaay ci dëkk bi nga nekk. Mbindu bi sa aq la, ndam sax du meeri yëpp du nu ngi ko sàmm.

**Wutal firndeel xam fi nga dëkk (ICR) ci bërëp taxawu askan wi bi sa meeri.**

Nit ni mënul firndeel mooy kan.




**Wutal sa karta werguyaram ci sa dispenseer jaareko ci takk bi katsalutt am ak kurwa russ:**

www.tinyurl.com/Conveni-CatSalut-CreuRoja